

KONEKSYON

Yon bilten enfòmasyon pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

ME 2018

Volim 10, NIMEWO 43
SA KI LADAN:

- Vaksinasyon nan Prentan
- Aplikasyon Magnet
- Prim Etik 'Elie Wiesel'

ELÈV M-DCPS ALE NAN GRAN KONFERANS ENDISTRI NAF



SEREMONI PRIM 'VALUES MATTER MIAMI'

Dezyèm Seremoni anyèl Distri a "Values Matter Miami" (Valè yo Enpòtan nan Miami) selebre Edikasyon ki baze sou valè M-DCPS ap ofri elèv li yo chak jou.

Nan twa dènye ane ki sot pase yo, inisyativ Values Matter Miami te fè gwo pwogrè, jan sa parèt nan anbyans lekòl yo ki amelyore ansanm ak konpòtman elèv yo. Seremoni an se aboutisman efò nou fè pandan ane sa a pou anseye, ranfòse e selebre konpòtman ki sou menm liy avèk nèf valè



debaz Distri a. Nou rekonèt elèv, anplwaye, ak lekòl ki bay egzanz e ki pwomote chak nan valè sa yo. Nou te

seleksyone gayan yo pami 4,000 nominasyon.

REYINYON KOMISYON KONSEY LEKÒL

20 jen
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

25 jiyè
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

6:00 diswa
Premye Odyans sou
Bidjè Piblik e Adopsyon
Pwovizwa Taks sou
Pwopriyete ak Bidjè Anyèl 2018-2019

15 out
11:00 dimaten
Reyinyon Regilye

DAT AK
ENFÒMASYON
ENPÒTAN

- 28 me - Obsèvans 'Memorial Day'
- 7 jen - Dènye Jou Lekòl
- 8 jen - Jounen pou Pwofesè Fè Planifikasyon
- 20 out - Premye Jou Lekòl

VAKSINASYON PANDAN PRENTAN AN



M-DCPS fè patenarya avèk 'Healthy Schools' pou ofri ptitit ou a yon vaksen Tdap gratis pandan jounen lekòl la soti 21-31 me 2018.

Lalwa Florid mande pou tout elèv resevwa vaksen Tdap la avan yo antre nan 7èm ane eskolè. Se Enfimyè ki soti nan Healthy Schools, menm patnè ki administre vaksen grip pou elèv nou yo, ki pral administre vaksen rapèl Tdap la.

Paran dwe kontakte lekòl ptitit yo pou dat ak lè espesifik klinik yo. Nou pral bay chak elèv yon fòm konsantman pote lakay li.

Pou plis enfòmasyon sou Healthy Schools LLC oubyen asistans nan ranpli fòm konsantman an, silvouplè rele School Operations/ Comprehensive Health Services nan (305) 805-4600.

APLIKASYON OUVÈ POU MAGNET APRE PERYÒD REGILYE A



Pou yon twazyèm ane, Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) ap ofri plas nan Lekòl Magnet pou elèv, sou baz moun ki vini avan an ap jwenn sèvis avan. Aplikasyon Magnet Apre Peryòd Regilye a ap fèt kounye a e li ofri plas nan lekòl Magnet nou seleksyoné atravè Miami-Dade County. Lekòl Magnet ki gen plas ki rete apre peryòd regilye aplikasyon Magnet la fini, mete plas sa yo disponib pou elèv ki enterese. Si ou enterese ale nan yon lekòl Magnet pou ane lekòl 2018-2019 la, silvouplè vizite www.yourchoicemiami.org/programoptions.

**Plis pase 70,000 elèv
enskri nan plis pase 380
pwogram magnet nou
ofri nan 114 lekòl atravè
distri a.**

pou yon lis konplè lekòl Magnet ki toujou ap aksepte aplikasyon yo. Kontakte lekòl ki enterese w la dirèkteman pou enskripsyon e si w gen nenpòt kesyon.

Pwogram Magnet M-DCPS yo kontinye resevwa rekonesans nasyonal.

Pou setyèm ane youn apre

lòt, M-DCPS resevwa plis Prim Merit Magnet Nasyonal pase kèlkeswa lòt distri lekòl la. "Magnet Schools of America (MSA)" (Lekòl Magnet Ozetazini), yon òganizasyon nasyonal ki reprezante plis pase 4,300 lekòl ak pwogram magnet, rekonèt lekòl magnet yo anyèlman pou angajman yo nan estanda akademik ki wo, inovasyon nan kourikoulòm, efò divèsite ki gen siksè, pèsonèl ansèyman espesyalize, ak patisipasyon paran/kominotè. Yo onore M-DCPS avèk 54 prim onè pou peryòd prim 2017-2018 la.

'PROM' POU ELÈV KI GEN 'ASD'



Plis pase 400 elèv lekòl segondè te ale nan 8èm 'Prom' Anyèl pou elèv ki gen "Autism Spectrum Disorder (ASD)" (Divès Kondisyon Otis) nan dat 8 me a. Evènman sa a, ki make yon etap enpòtan, ofri yon eksperyans inoubliyab pandan elèv ki gen ASD yo konekte avèk kamarad yo nan selebrasyon seremoni enpòtan sa a. Elèv yo patisipe nan eksperyans total "prom" nan avèk abiman toksido e rad fòmèl, pran yon foto prom, danse sou son mizik yon "disc jockey" (animatè mizik) pwofesyonèl, e kouwone yon wa ak yon rèn. Prom nan gratis pou elèv ki gen ASD ki ap partisipe, grasa jenewozite ajans kominotè, patnè edikasyonèl ak biznis lokal/nasyonal ki bay fon pou sipòte evènman memorab sa a.

FONDASYON PRESTIYE ELIE WIESEL ONORE ELÈV

Fondasyon prestijye 'Elie Wiesel Foundation for Humanity' rekonèt 10 elèv lekòl segondè M-DCPS pou redaksyon yo nan Konkou Redaksyon sou Etik 2018 la. Pou senkyèm ane, M-DCPS se sèl distri nan peyi a ki gen elèv lekòl mwayen ak segondè ki patisipe nan konkou sa a yo te kreye inisyalman pou elèv kolèj. Gen plizyè milye jèn moun ki ap patisipe nan Prim sou Etik Fondasyon an nan nivo kolèj depi yo te kreye li an 1989.

Ana Blanco, yon elèv twazyèm ane segondè nan 'TERRA Environmental Research Institute', genyen premye plas la e li resevwa \$3,000 bousetid kolèj pou redaksyon li ki rele, "The Sound of Silence and Fury




of Action" (Son Silans ak Raj Aksyon). Dezyèm plas la al jwenn Estefania Caputo, yon elèv dènye ane segondè, Ronald Reagan/Doral Senior High, ki resevwa \$2,000. Twazyèm plas la al jwenn Paola Genera, yon elèv dènye ane segondè nan Cutler Bay Senior High. Li resevwa \$1,000. Katriyèm plas yo se Mariana Penalosa, yon elèv dènye ane segondè nan School for Advanced Studies North Campus; ak Carolina

Bello, yon elèv twazyèm ane segondè nan TERRA Environmental Research Institute. Senk finalis yo se Samuel Isenberg – iPreparatory Academy; Elizabeth Rodriguez – Academy for Advanced Academics South; Olivia Ruiz – iPreparatory Academy; Johan Soto – Coral Gables Senior High; ak Jaime Fernandez – Miami Beach Senior High.

FOWÒM ETIDYAN JOURNALIS



Biwo Kominikasyon M-DCPS te òganize resamman Fowòm Anyèl Elèv Journalis yo. Pwofesyonèl medya ki nomine pou Prim Pulitzer e ki ranpòte Prim Emmy te reflechi sou aspè ki pi satisfezan nan karyè yo. Elèv yo te resevwa bonjan konesans sou fason medya sosyal ap revolisyone mond jounalis la e yo te jwenn enfòmasyon konsènan opòtinite pou estaj.



www.dadeschools.net

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@MiamiSup



MiamiSchools
AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



MiamiSchools

Komisyón Konsèy
Lekòl Miami-Dade
County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Steve Gallon III
Lubby Navarro

Doktè Marta Pérez
Mari Tere Rojas
Alberto M. Carvalho
Sipètentandan Lekòl yo

Bryce Febres
Konseye Elèv nan Komisyón Konsèy
Lekòl la

YON MACHIN NÈF!



Kòm rekonesans pou sèvis eksepsyonèl li, Toyota of North Miami ofri Meyè Direktè Lekòl M-DCPS pou Ane a, Humberto Muret, yon Toyota Camry SE 2018 tounèf. Miret ap sèvi kòm direktè Miami Southridge Senior High School depi 2015. Avan sa, li te direktè nan Shenandoah Middle. Li te kòmanse karyè 23 ane li a ap anseye sante pou elèv 10èm ane eskolè nan South Miami Senior High.

KONSEY SOU ENTÈNÈT POUPARAN:

Primè:

Ede yon Elèv ki fristre
<https://bit.ly/2Kn1IMY>

Lekòl Segondè:

Modifie Estrateji ou la Si Jèn ou an Resevwa yon Kanè ki Pa Satisfézan
<https://bit.ly/2jVRxy7>

Se Biwo Kominikasyon ki
Pwodui Bilten sa a

Daisy Gonzalez-Diego
Ofisiye Anchèf Kominikasyon